sochi.ru zoiq

Олимп Джэгухэр щIидзэныи махуи 10-щ къэнэжар

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№15 (22.673) • 2014 гъэм щIышылэм (январым) и 29, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр сомИ 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мазэрэ ныкъуэм къриубыдэу КIуэкIуэ Юрий цIыху 28-м яхуэзащ

КъБР-м и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIальэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий лжьэн зэрыщIидзэрэ блэкIа мазэрэ ныкъуэм къриубыдэу цIыху 28-м яхуэзащ.

Абыхэм яхэтащ зауэм и ветеранхэр, пенсионерхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, уэныщагъэр хьэмэным я лжьакIуэхэр. Зэпсэльахэм кьаIэта IуэхущIапкIэ кIуэкIуэ Юрий зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ пщэрыльныхьыкIахэр яхуигъэуващ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Мэкъумэш щIапIэхэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэгъэув Iэнатlэ нэхъыщхьэм и тхьэмадэ Чеченов Ануар. Депутатхэр КъБР-м и законхэм я проекту, нэгъуэщI хабзэ мардэу зыбжанэм эхIлъащ.

ПСОМ япэу депутатхэр тепсэлъыхьащ «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и 68-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр зэлъхьэным и Iуэхукlэ» законопроектым. Ар игъэхьэзыру къыхэзыльхьар КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэрщ.

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтныжьмкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыжьмкIэ щэсапIэ нэхьыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым, «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьым теухуауэ» КъБР-м и Законым япкъ иткIэ хабзэу ягъэув хьунущ кандидатхэм я спискэм хэту ятхар депутат мандатхэр зэхуэгуэшыным хэтыну закономрэ ЩIыпIэ зэрыщIэтыр зэрыгъэлъагъуэ.

ЩIыпIэ зэрыщIэтыр ЩIыпIэ Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм и Парламентым и Президиумым и Унэм 2014 гъэм щIышылэм и 30-м щекIуэкIыну.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1анIэ.

Бувайсар ирехьэжьэ

Сочэ щекIуэкIыну ЩIымахуэ Олимп Джэгухэм я мафIэ зэIэпахыр Грознэ кьалэм дыгъуасэ къыщрахьэкIащ.

ЭСТАФЕТЭР иригъэжьащ щэнейрэ Олимп Джэгухэм щыгъэкIуа (1996, 2004, 2008 гъэхэм), бэнэкIэ хуитымкIэ 6 дунейпсо чемпион хъуа Сайтиев Бувайсар. Грознэ и къуэхьлъатэ тIысыпIэм щрахьэжьэу мафIэ зэIэпахыр кьалэхэм зыхьахэм яхэтащ бэнакIуэ, боксёр, штангист цIэрыIуэхэу Отарсултанов Джамал, Бетербиев Артур, Байсангуров Заурбэч, Аухадов Апти сымэ, «Тэрч» футбол клубым щыджэгуэзу абы и капитан Уциев Ризванрэ Налшык щагъэса Митришев Магомедрэ.

Кадыров Ахъмэт-Хьэжымрэ Путин Владимиррэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм эстафетэр иригкIуащ. «Шэшэным игу» мэжджытым и деж уэрэдмкIэ щыгъэжьащ цIэрыIуэ Гурцкая Дианэ мафIэ зэIэпахыр республикэм и Iэтащхьэ Кадыров Рамзан IэщIилъхьащ икIи «Ахмат Арена» стадионым щагъэува фалъэшхуэр абы пигъэнащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Сайтиев Бувайсар

Нот Тимур пщIэ къыхуащI

КъБР-м Транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ, ведомствэм и профсоюз комитетым и тхьэмадэ Нот Тимур ирагъэблагъэри, Ростов кьалэм олимп мафIэр щызыIэпызыхахэм яхэтащ. Апхуэдэ щIыхьыр абы кьыхуагъэфэщащ сыт щыгъуи спортым дихьэхыу зэрекIуэкIам, альдж-урым бэнэкIэмкIэ ехъулIэныгъэ пыухыкIахэр зэриам папщIэ.

«КъАЛЭДЭСХЭР дэ быдзу къытхъуэтащ, къытщыгуфIыкIащ. Нэрылъагъут ахэр ипэжыпIэкIэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхум къызэрызэщIиIэтар. ИкъуэкIэ грогушхуэ Сочэ щекIуэкIыну Олимпиадэм и мафIэр зэрысыгъам. Апхуэдэр гуимыхужщ», - кьыджиащ Нот Тимур.

Олимп мафIэр щыблэу Тимур иIыгъа уэздыгъэр КъБР-м Транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и унэм тегъэувапIэ хэха хуащIынурэ щахъумэнущ.

КъБР-м Транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1анIэ.

Щыгъуазэ фыдощI

Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэухэмрэ ди хьэщIэхэмрэ щыгъуазэ фыдощI ди республикэр 2014 гъэм щIышылэм и 30-м Олимп мафIэм зэрыгущIэм.

ДАУЭДАПЩЭР Налшык кьалэм дэт «Спартак» республикэ стадионым кьыщыIэуахынущ сыхьэт 12-рэ дакьикъэ 30-м. ЕлпIыну хуейхэр стадионым пщIэншэу ирагъэхьэ.

Жылагъуэ транспортыр а махуэм зэхэзынущ къекIуэкI хабзэм тету икIи маршрутхэр зэрамыхъуэкIыну. Уней транспортыр Головко и уэрамым щегъэжьауэ Кулиевым и уэрамым нэсыху Лениным и уэрамым тету зэрыщIэкIуэр, апхуэдэу Головко и уэрамым щегъэжьауэ Тэрчокъуэм и уэрамым нэсыху Щоджэнцыкlым и уэрамым тету зэрыщIэкIуэр ягъэмэщIэнущ. Уней транспортыр щагъэув хьунущ КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр аграрнэ университетым деж, апхуэдэу Лениным и Кулиевым и уэрамхэм я пIланэпэм хуэзэ «Вестер-Гипер» тыкуэным и пщIантIэм. Абы зэрыдыхьэнур Кулиевым и уэрамымкIэщ.

Джылахъэстэнейм и лIыкIуэхэм къалэжь

Итъэс 45-рэ гъэнэгъэ спортымкIэ гъэсакIуэ Тумэ Василий, шахмат джэгукIэм хуэIэзэ, итъэс 15 зи ныбжь Ахэмын Iэдисэ щыгъэ яхэтынущ ди республикэм олимп мафIэр щызэIэпызыхьнущ.

ТУМЭ Василий Акъбащ Ипщэ къуажэм дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и унафэщIщ. Ар бэнакIуэ цIэрыIуэу щытащ, иджы школым физкультурэмкIэ щрегъащIэ, СССР-м и спортджэныгъэмкIэ и Iэнатlэм и отличникщ.

Ахэмын Iэдисэ урыс шашкэхэмкIэ дуней псом пашэныгъэр кьыщыхьыным теухуауэ Сочэ кьалэм щекIуэкIа XXII зэхьэзэхуэм, апхуэдэу шахматымкIэ дунейпсо турнир зыбжанэм щытекIуащ.

Къэрэлъэгъуапхъэщ Тэрч районым и лIыкIуэхэр олимп мафIэр зэIэпызыхьнухэм щIахэхуам нэгъуэщI щхьэусыгъуэ зэрилъэр. Ди республикэм щыщу Олимп чемпион цIэ лъапIэр къэзыхьа цIыхуи 4-м ящыщу 3-р - Шыхъуэ Борис (лъакъуэрыгъажэ спорт, Мюнхен, 1972 гъэ), Ахэмын Еленэ (волейбол, Москва, 1980 гъэ), Хьущт Асльэнбэч (альдж-урым бэнэкIэ, Пекин, 2008 гъэ) сымэ а районым и лIыкIуэщ.

КIУАНТIЭ Замирэ.

Ахэмын Iэдисэ

Шэджэмдэсхэр поплъэ

Налшык кьалэ олимп мафIэ зэIэпахыр кьыщезыхьэкIыну кьыхахахэм яхэтщ ШэджэмкIэ куейм и спортсменищ.

АХЭР армэ Iэпщэрыбанэ зауэмкIэ спортым и мастерхэм я кандидат, Лашынкьей кьуажэм дэт спорт школым и тренер-егъэджакIуэ Бетыгъуэн Руслан, боксымкIэ спортым и мастер Энеев Кязим, бэнэкIэ хуитымкIэ спортым и мастер, 2012 гъэм Китайм щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуа Щыпынэ Альберт сымэщ.

- Олимп мафIэм лъэIэсыну дэтхэнэми кьыхуихуэркьым. Апхуэдэ Iэмал зэрызгъэтар, абы хэтыну адрейхэми хуэдэу, си деж-кIэ щыхьышхуэу икIи жэуапыныгъэ ин зыпылъу кьызолытэ. Мыкьэнэщхуэ зиIэ я Iуэхущхьэм сыызэрыпыщIам сыщогуфIыкI, - кьыджиащ Бетыгъуэн Руслан.

Олимп мафIэр кьрагъэблэгъэнущ, ар кьезыхьэкIынухэр эстафетэм и кIыхьагъкIэ щыдгъэгъэнущ Шэджэм куейм и спортсмен, тренер 30-м.

Физкультурэмрэ спортымрэ я махуэ

Шэджэм районым и школакIуэ минин 6-м нэблагъэм щIышылэм и 30-м Физкультурэмрэ спортымрэ я махуэр ягъэлъэпIэнущ.

РАЙОНЫМ и Iуэхущ1анIэ псомэ щекIуэкIыну спорт Iуэхугъуэхэр Налшык кьалэ щыIэхэтыну олимп мафIэм и эстафетэм ирагъэхьэлIэнущ. ФизкультурэмкIэ къэгъэджакIуэхэм, гъэсэныгъэ дэмыгъэмкIэ завучхэм ящыгъуу, школакIуэхэр я ныбжь елытауэ программэ гъэщIэгъуэным хуагъэхьэзащ. Спорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэпеуэхэр, флэшмобхэр, гъащIэ узынщэм теухуа лекцэхэр, нэхъыщIэ дыдэ щыкIуэхэм папщIэ щIымахуэ Iуэхугъуэ тельыджэхэр ирагъэкIыныщ.

КIАРЭ Элинэ.

Дунейм щыхъыбаржэр

Iуэху куэдым щытопсэлъыхь

УФ-м и Президент Путин Владимир хэтщ Брюссель щекIуэкI Урысей - ЕС зэхуэсышхуэм. Абы щыгъуэ нэгъуэщI къэрал Iуэхуэмкlэ министр Лавров Сергей.

ЗэIущIэм хэтщ Европэ советым и унафэщI Херман ван Ромпей, Еврокомиссэм и Iэтащхьэ Баррозу Жозе Мануэл, а зэгуэныгъэм и дипломатие Iуэхуэр зэкIэлъыныгъэкIуэ Эштон Кэтрин.

Европэм хьыхь кьэралхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъ экономикэ, политикэ зэпыщIэныгъэхэми я Iуэху еплъыкIэр щыIэтемыхуэу Iуэхуэмэ щытепсэлъыхьыну я мурадщ зэхуэсым. Нэхъыщхьэу зигугъу ящIынухэм ящыщу кьэралхэм сату зэрыэздащI хабзэхэр. Нэхьапэмкlэ зэрыжиIащ, лъэныкьуэхэр иджыри кьэс зэрыгъэздэлэжьа зэгурыIуэныгъэм и пIалъэр икIащ, иджы псори арэзы зытетхъуэн дэфтэрыщIэ зэхалъхэн хуейщ. Апхуэдэуи Европсоюзым хьыхь кьэралхэмрэ Урысеймрэ щыпсэухэр виэзнэщу зэкIэлъыкIуэнми тепсэлъыхьыну я мурадщ.

Щэч хэмылъу, и гугъу ящIынущ Украинэм щыIэ щытыкIэми. И гугъу ящI кьудеим кьащIыми. Ар псалъэмакъ тKIийм хуэкIуэнкIэ хьуну кьалыитэ языныкьуэ политологхэм.

Пенсэхэм хохьуэ

УФ-м и Правительствэм унафэ кьыщтащ мы гъэм и мазаем и 1-м кьыщыщIэдзауэ пенсэхэм проценти 6,5-кIэ хэгъэхьуэным теухуауэ.

«Илъэсыр икIыу а мурадхэм кьыхуагъэсэбэпын папщIэ бюджетым щыщ сом мелард 280-рэ Пенсэ фондым хуаутIыпщынущ. Ику ину пенсэхэм хущIагъэнущ сом 665-рэ хуэдизэ, - жиIащ Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий. Абы кьызэрыхигъэщамкIэ, кьэралым щыпсэухэм ящыщу мелуан 38-м нэблагъэм я хэхъуэр нэхьыбэ хьунущ.

Азаровыр токI

Украинэм и Правительствэм и унафэщI Азаров Николай и кьулыкъым зэрытекIыр жиIаш. Ар илъэсищIэ я Iэнатlэм пэрытащ.

И кьулыкъым текIыну мурад щIищIам и гугъу щIищIым, кьэралым щыIэ хьуа жылагъуэполитикэ щытыкIэр кьэгъэщбэн, зэныкьуэкьуэр мамыру зэгурыIуэкIын папщIэ ич лъэбакьуэу ар зэрящытыр кьыхигъэщащ Азаровым. Абы зэрыжиIамкIэ, а Iуэхум теухуауэ ар президентым нэхьапэкIэ епсэлъыпIащ икIи кьызэрыпэрымыIэнум щыгъуэзэщ.

Украинэм и хабзэхэм япкъ иткIи, премьерым и гъусэу текIым хуейщ министр псори, ауэ кьалэнхэр ягъэзэщIэнущ, правительствэщIэм хэтынухэр яубзыхуху.

ЯдэIэпыкъун мурадкIэ

Женевэ щыпещэ Сириемрэ теухуа зэпсалъэныгъэхэм, Iэпщэгъэ Iуэныгъэ ящыщ дыдэу кьаIуэтыжыну Iуэхуу зэрыщымытыр ящIэми, абы хэкIыпIэ гугъэ кьыхуагъуэтыну ООН-м и лIыкIуэхэр яужь итщ.

Заузм и курыкупсэм хиубыда сабийхэр, щыхубзэр, зи ныбжь хэкIуэтахэр а щыпIэм къыщыныи теухуауэ щытащ тхьэмахуэ кIуам екIуэкIа зэIущIэхэр. Сирие Хьэрэш Республикэм нэгъуэщI кьэралIуэхэмкIэ и министрым и къудамэ Мекдад Фейсал пресс-конференцым зэрыщыкIамкIэ, правительствэм и дзэхэм кьаухъуреихьа Хомс кьалэм кьыдэнахэм ядэIэпыкьуну зи мурад сыт хуэдэ гупхэри абы дагъэхьэнущ.

«Нэхъыщхьэр - кьалэр зыIыгъ террористхэр я псапащIэ Iуэхум зэран хуэмыхъунырщ, - кьыхигъэщащ кьулыкъущIым. - Дэ мыуэ-мытIэу яужь дитащ щыхубзэхэмрэ хабзэм я Хомс и хьэблэжьым кьыдэгъэзэпэтхьукIыну, арщхьэкIэ Iэщэкlэ зэщIэуэзэда бзаджащIэ гупхэм апхуэдэ Iэмал кьыдатакьым».

Правительствэм и дзэхэм а кьалэм лагьымкэр щрадзых хуэдэу зэрагъэкIуанщэм и жэуапу Мекдад жиIащ: «Ар дэ ди кьалэщ, сыт щхьэкIэ ар зэтеткьутэн?!»

НОБЭ

♦1710 гъэм славянныбзэм и пIэкIэ иджырей урысыбзэм и алфавитыр кьащтэным теухуа указ пащтыхьым кьыдигъэкIащ.

♦2001 гъэм Кьыщокъуэ Алим дунеим ехьажащ.

♦1924 гъэм Советхэм я урысейпсо съездым «РСФСР-м щIэныгъэншагъэр щыгъэкIуэдыным и Iуэхукlэ» унафэр кьыщащтащ. Абы кьэралым ис дэтхэнэ балигъыми тхэкIэрэ еджэкIэрэ ильэсиц пIалъэм ирубыдащу зэригъэщIэну хуигъэувырт.

♦ 1964 гъэм Инсбрук (Австрие) кьыщыIэуахауэ щытащ IX ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр а гъэм и мазаем и 9 пщIондэ екIуэкIащ.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, критик, ЩIДАА-м и академик **Чэмокьуэ Тыркубий** и ныбжьыр ильэс 73-рэ ирокьу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык пщэ теХьэ-текIуэ щыщытынущ, уэс кьыщесынущ. ЩIыпIэр махуэм градусыр 8 - 7, жэщым градус 11 - 10 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырыр ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхьыщхьэм и зи чэзу зэIущIэр КъБР-м и Парламентым и Унэм 2014 гъэм щIышылэм и 30-м щекIуэкIынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1анIэ.

Гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм 2014 гъэм и гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм зыхуагъэхьэзыр.***

ЩIЫГЪЭПЩЭРХЭР, жылэхэр, дагъэгъэсыныпхъэхэр зыIэрагъэхьэ. Мэкъумэшэ хозяйствэмкIэ министерствэм къызэрытымкIэ, дызыхьыжьа илъэсыщIэм гъавэ я къызытрахыну бжьыкьэсхэр гектар мини 100,8-м щIигъум трасащ. Къэкlыгъэхэр щIым кьыхэпщащ, Iащ1агъэлIэхэр абыхэм я щытыкIэм кIэлъопIэ. Бжьыкьэсхэм хальхьэну щIыгъэпщэр тонн мин 25-м щыщу и зэхуэдитIым щIигъур кьащIэхуакIащ.

ГъукIэпщокъуэ Щауэмир и Iэдакьэщ1экIэр егъэлъагъуэ

КъЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС. ***Пшахьуэ гъуэзджэм хуэIэзэ сурэтыщI цIэрыIуэ Гъукlэпщокъуэ Щауэмир и Iэдакьэщ1экIэр КъШР-м и тыдзэ-щэнджэз щIыуэпс музей-заповедникым и галереем щегъэльагъуэ.***

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Iуэху куэдым щытопсэлъыхь

УФ-м и Президент Путин Владимир хэтщ Брюссель щекIуэкI Урысей - ЕС зэхуэсышхуэм. Абы щыгъуэ нэгъуэщI къэрал Iуэхуэмкlэ министр Лавров Сергей.

ЗэIущIэм хэтщ Европэ советым и унафэщI Херман ван Ромпей, Еврокомиссэм и Iэтащхьэ Баррозу Жозе Мануэл, а зэгуэныгъэм и дипломатие Iуэхуэр зэкIэлъыныгъэкIуэ Эштон Кэтрин.

Европэм хьыхь кьэралхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъ экономикэ, политикэ зэпыщIэныгъэхэми я Iуэху еплъыкIэр щыIэтемыхуэу Iуэхуэмэ щытепсэлъыхьыну я мурадщ зэхуэсым. Нэхъыщхьэу зигугъу ящIынухэр ящыщу кьэралхэм сату зэрыэздащI хабзэхэр. Нэхьапэмкlэ зэрыжиIащ, лъэныкьуэхэр иджыри кьэс зэрыгъэздэлэжьа зэгурыIуэныгъэм и пIалъэр икIащ, иджы псори арэзы зытетхъуэн дэфтэрыщIэ зэхалъхэн хуейщ. Апхуэдэуи Европсоюзым хьыхь кьэралхэмрэ Урысеймрэ щыпсэухэр виэзнэщу зэкIэлъыкIуэнми тепсэлъыхьыну я мурадщ.

Щэч хэмылъу, и гугъу ящIынущ Украинэм щыIэ щытыкIэми. И гугъу ящI кьудеим кьащIыми. Ар псалъэмакъ тKIийм хуэкIуэнкIэ хьуну кьалыитэ языныкьуэ политологхэм.

Пенсэхэм хохьуэ

УФ-м и Правительствэм унафэ кьыщтащ мы гъэм и мазаем и 1-м кьыщыщIэдзауэ пенсэхэм проценти 6,5-кIэ хэгъэхьуэным теухуауэ.

Мэкъумэш щІапІэхэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

(КІэухыр. ПэщІдзэр 1-нэ нап.).

«Хэгъэзыхь щымыІэу ят Іэщэм, шэ зэмылІэужьыгъуэхэм, кьагъуэ пкъыгъуэхэм, лагъым зэмылІэужьыгъуэхэм ятэкІэу ахъшэм и Іуэхущ» КЪБР-м и законым и проектыр хуэунэтІащ КЪБР-м и щыналъэм щыпсэу щІыхуэхэм хабзэм кьемыдзэкІыу якІуэр Іэщэфащэрэ щэхэмрэ нэхь нэсу кьыхэхьыным. Абы тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентым Законым тетыным, хабзэр хьуэмыкІ, жылагъуэ шынагъуэншагъэр кьыдзэгъэпэщынымкІэ ехьэлІа Іуэхущхэм и Іуэхущхэм и унафэщІым и кьудзэ Шумахуэ Арсен.

«Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхъэзэхэр кьыдзэрызэрагъэпэщым теухуауэ» Федеральнэ законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ 26-ьэ статьям и Іыхьэ 4-м кьыщыгъэлъэгъуэ эммнхэр зэрахьэрэ зэкІащ. Ящэм щыІа мардэхэм ЩІыпІэ щыІэ Іуэхущхэм ЩІыпІэ щыІэ Іуэхущхэм ЩІыпІэ щыІэ Іуэхущ

МылIэжьныгъэм стельщ и щIыхуи, Абы и пщIантIэм фыкъыдэплъэ

Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь КIыщокъуэ Алим и псалъэ. *1993 гъэ*

Зыми емыщхь

Адыгэ литературэм и къежькIэмрэ зыужьыкIэмрэ тепщIыхьмэ, щIэ хэлъкым абы нобэр къыздэсым кынкIуа гъэгум КIыщокъуэ Алим и лIэщIыгъуэкIэ уеджэ зэрыхьунум. Ди литературэр щыхэфIэувам КIыщокъуэм яп ита щыIами (усакIуэшхуэ дыдэхэри яхэту), къэбзрденбзэ тхыгъэр, псом хуэмыдэу лирикэр, роман лIуужьыгъэр дунейпсо литературэ щапхъэм изыгъэтIысхьар, изыгъуэвар, дунейпсо утыку изышар абы и гуащIэм къыдзкIарц. Алим и жьауэм щIэту лъжьауэ литературэр.

КIЫЩОКЪУЭ Алим и тхыгъэхэм укъыщеджэкIэ е и псэльэкIэм ущыщIэдэIукIэ, гу лыботэ къру пашэм и образыр абы фIыуэ зэрилъагъэм, куэдрэ къызэригъэсебэным. Лъэпкъ псоми хуэдэу, адыгэхэм Iуныджрэ пщIэ лейрэ хуащIырт бэм я пашэу щытыну зэфIэкI зиIэхэм, «хэкуIэ» жьауэпIэнуэм. Апхуэдэ-хэрт «къру пашэ» щIыхьыр зыхуагъэфащэр. Ар фIыуэ къыхощ революцюм, граждан зауэм, абы къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ятеухуауэ КIыщокъуэм итха романхэм.

КIыщокъуэ Алим и зыужьыным щыгащ дыгъафIэ гъэзукIэ ягъэкIуэ ушыпашэу, гъуаэу, литературэм тепщIыхьмэ, ар къру пашэ щIэхъуар и къулыкъу лъагэхэракъым - и къалэмыпэм къыщIэкIахэращ. Зобгъэпщэн, зыпэплытэн щымыIэ и усэхэмрэ проозмрэщ. Лъэпкъ литературэм и жьантIэр иIыгъу къыздэрекIуэкIарщ.

Пэжщ, мыбыи егупсысын хуей мэхъу: сэ къысфIощI литературэм и пашэу зэрыщытым (и лэжьыгъэмкIи, и тхыгъэмкIи) ар нэхъ лейуэ иригъэгупсысу еКIуэкIауэ тхакIуэм и къалэнхэм, усакIуэм («поэтым» жиIэмэ, нэхъ къищтэ хуэдэщ Алим, а псалъэм нэхъыбы къызэщIеубыдэ) гъыгъэм щIыгъ, щIыгъын хуей увыпIэм... УсакIуэу абы иримыгъавэ, иримыгулэз щыIэу къыщIэкIынкъым. Алим къалэм къызэрищтэрэ ирогумэщI усакIуэм и цIэ лъапIэр, лъагэр щIыхь пыпIу зехьэн Iуэхум, а къалэныр нэхъ екIуэу гъэзэщIэным. Дигу къэдгъэгъэкIыжьт аддэ пасэу, литературэм щыхьхьа дыдэм игъафIэу щыта хъуэпсэныгъэр: «Хьр си шакъалъэу къалэм хуэфащэ сиIатэм...»

Зауэ зэманым ехъа усэхэмрэ поэмэхэмрэ къагэлъагъуэ лъэпкъ хьэлщэныр литературэм щызэфIэувэныкIэ КIыщокъуэм лъэбакъуэ лъэщ зэричар. Араш яп дыдэу си фэкIи, зи акъылкIи, зи дуней тетыкIэкIи зэрыадыгэр зыми хэмыгъуащэ щIыхуэр лъэ быдэкIэ литературэм хэзышэфар. Абы щыгъуи, а щIыхуэр ди кэрал иным и хэкупсэ нэхэщ, СССР-м ис адрей лъэпкъхэм я быи псоми хуэдэу псэмыблэжу бий бзаджэм пэщIэту. Iуэхур тынш щыкIуу щытакъым. Езы КIыщокъуэми ар мызэмытIэу къыщыхигъэщащ литературэм, творчествэм ехьэлIауэ итхахэм. «Ди зэманым псэу щIыхум и образ - зыми хэмыгъуэщэну зэщIэкъауэ», зыщыщ лъэпкъкIи псоми кьахэщу, ауэ щыхъукIи, дунейпсо щIыхубэм и хьэл-щэнкIэ зэщIэпсэу, - къэбгъащIыныр икъусыкъужкIэ къалэн гугъущ», - щыжиIэгъащ абы 1956 гъэм «Вопросы литературы» журналым кытрыригъэдза тхыгъэм.

КХЪУЭПУФэ Хьчим,
КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

Тхылъым нэгъуэщI зыгуэр иткъэ?

КIЫЩОКЪУЭ Алим сэ япэу щысльэгъуар... «Шум и гъуэгу» тхылъым и напэкIуэцIэрщ.

ЕджапIэм сыщIэтIысхьэри еджэкIэ-тхэкIэ тIэкIу сщIауэ, школ библиотекэм дыкIуат тхылъ къеIытхыну. Абы щыгъуэ библиотекэм и унафэщIыр иужькIэ егъэджакIуэ цIэрыIуэ хьуа Коммодов Геннадий Константиновичэ, а зэманым псори ГенкIэ зэджэ, адыгэбзэкIэ Iззэ урыс щIалэ сырыкъ щхьэпэлъагэрт.

- Уэ иджыри уцIыкIущ, къыбгурыIуэнкъым, - жиIат абы, арщхьэкIэ си нэгу къыщIэплъэу фIэгуэныхь сыкъуа, сытми къызитащ. - ГукIэ зы усэ зэбгъащIауэ тхылъыр къыумыкъыжмэ, дяпэкIэ зыри уэстынукъым, - къыпбгуфIыкIри.

Тхылъыр унэм щIэс псоми зэпалпъхъащ. Тхылъ жинтым тетт Бэракъ Плъыжьыфэр зыщхьэщыт шур, еплIанэ напэм лэч щIыхькIэ тедзауэ усакIуэм и суэрэт итт. «Мыр ди къуажэщ, - жиIащ си анэм, - КIыщокъуэхэ Пщымахуэрэ Куэзрэ я къуэ нэхъыщIэщ». Си анэр къуажэ тыкуэнтетти, имыщIыхуэрэ къэзымыщIыхуэрэ жьлэм дэстэжьым.

Тхылъ щIэрыпсыр сымыуфIеиным сыпылъуэрэ зэи-тIэуи седжащ, куэдыщи къызгурыIуауэ щыттэкъым, ауэ «ТIа ди шухэр щхьэмыгъазэщ» уэсэр нэхъ си псэм къыкIэрыпщIэри, гукIэ зэзгъэщIащ. Си ныбжьэгъу гуэрхэми езгъащIэри, чы-бжэгъу бжьхьым дыфIэту хьэблэр къэдгъэпсалъэу дыкъеджэу щIэддзащ:

Екlэ ди щIым бийр
кIыхьати,
Сталин, ди адзэр
кIыдэджащ:
«Си щIалэфIхэ, Iэщэр
къафщтэ
Бийдзэ фIыщIэр
кIыттеуащ...»

* * *

Дэ ди шухэр
щхьэмыгъазэщ,
МафIэу ди гур зэщIэнэнщ,
ЩIы уи фIэщ уэ,
Сталин лъапIэ:
Бий дищI лъэщым
къидмынэн.

Махуэ гуэрым дыкIийуэ а усэм дыкъеджэу дыздэщытым, ди пщIантIэм гъунэгъу фызитI-щы къыдыхьати:

- Уа, а тхылъым нэгъуэщI зыгуэр иткъэ? - жаIэри къызэупщIащ.

- Итщ, Iэджэ, мис фыкъедадIуэ, - сэ япэ къысхуэза напэм дежь тхылъыр къыщызэгуэхри «ЗэныбжьэгъуитI» уэсэр къеджэн щIэздзащ.

- Моуэ хуэм цIыкIуу, зэхэщIыкIыгъуэу къеджэ, - жаIащ, зей лъабжьэм деж щетIысэхэри, и кIэм нэс къедэIуахэщ. ЗанщIэуи къыщиудри къэгъахэщ: «Дыдей мыгъуэзэри апхуэдэу губгъуэм кьинагъэнщ» жаIэри.

А махуэми иужькIи сэ а усэм куэдрэ сыкъырагъэджащ. Сыкъеджэхуи, я нэпсыр яхуэмыубыду.

Илъэс хуэдэ дэкIа нэужьщ ахэр щIэгъыр къыщIэгурыIуар. КъызгурыIуэри, «Нэ фIыцIэ» новеллэр стхыгъащ.

МЭЗЫХЬэ Борис,
тхакIуэ.

Адыгэ цей

Епщыкlубгъуанэ лIэщыгъуэм псэуа урыс тхакIуэ куэдым жаIэу щытащ: «Дэ псори дыкъызэрыкIар Гоголь и «Шинелырщ». ЕтIолIанэ лIэщIыгъуэм хальхуа адыгэ усакIуэхэм жытIэ хьуну къысфIощI: «Дэри дыкъыкIуэцIыкIащ дуней псом КIыщокъуэ Алим къаригъэцIыхуа адыгэ цей дахэм».

ДЭДЫТЕТЩ а лIы Iущ, лIыхахуэ, зэчиишхуэ Алыхьым къызыритам и «Шум и гъуэгум», дыщыпсэу щIыналъэщ; ди псыхъуи дэлъыр, ди къуршы щIыIэр «Мывэ хуабэщ»; дишми ди нэкIуми телъ «Дамыгъэр» адыгэ лIыхъужьыгъэм и дамыгъэщ, лъэпкъыу дунейм тетым кьытхуауиИ «Батырыбжьэ» - дынартщи, къэдлжьащи, тхуэфащэщи. А псор зи фIыщIэр, псом япэрауэ, КIыщокъуэ Алимщ.

Сэ икъукIэ сынасыпыфIэщ зэман пыухыкIа гуэр Алим и гъусэу зы щы кIапэ сызэрытетамкIэ. Сэ тIуащIэу сынасыпыфIэщ ар фIыуэ си цIыхугъэу, уеблэмэ, куэдкIэ нэхъыжьмэ, си ныбжьэгъу гъунэгъуу зэрыщытамкIэ. Дызэхуэзэу, дызэпсалъэу, дыщызэпэIэщIэм дызэхуэтхэу дэ етхьэкIащ.

Си пащхьэм илъщ КIыщокъуэ Алим и усэ тхылъ «Щхьэлыкъуэ» зыфIищар. Езым и Iэкlэ тхауэ, машинкэкIэ темыдзауэ. Тхылъыр икIэщIыпIэкIэ дунейм кьызэрытехьэнум щэч хэлъкъым. Псалъэ гууэ гуэрхэр кьыдыщIытыгат Алим мы Iэрытхэр си деж кьыщигъэхьым, нэхъапэIуэкIэ телефонкIи и гугъу кьысхуищIат. Абы щыщ сатыр зыбжанэ кьызохь, и иужьрей тхылъым «Щхьэлыкъуэ» щыфIищари, езым, дунейм ехьажьи и пэ, и гум щыщIэу щытари кьикIыу кьызолъытэри: «Зи гугъу сщIа тхылъыр мыращ. Тхылъыр нэхъ Iув схуэщIынут, ауэ си кIарур кьемэщIэкIащ... Мысыхьэткlэ си кIарум хэщI защIэуэ йокIуэкI. ЗащIэуэ кьысщымыщI щыкIэ зэ закъуэ ди дей сыкIуэжу сльагъуну сигу кьызыхуэкIахэр сльагъужащэрэт, жысIэу сигури си псэри фи деждкIэ нэгъэзауэ сопсэу».

Кьыщокъуэ Алим зищысщыр щхьэлыкъуэдэсхэми, Къбэрдей-Балъкъэрми, Урысеймы фIыуэ кьагурыIуэу кьыщIэкIынщ. Нэхьыбэжу кьыщыдгурыIуэнур иужькIэщ. «Иужьрщ» абы и гъащIэри - ар Тхъэм кIыхь дыдэ ищI.

БИЦУ Анатолэ,
усакIуэ. 2001 гъэ

Уепль пэтми, защыбгъэщIыркъым уэгумкIи вагъуэхэм: зищIысыр кьыпхуэмышIэ кьару хьэлэмэт гуэркIэ уэмIэпашэ абыхэм, уатхьакъу, уи нэр кьытенчыфыркъым жэщ бзыгъэм и уафэ джабфм кьыщыбIа вагъуэ лыдхэм. Алим и усэхэми апхуэдэ кьару хэлъу кьысщохьу: седжэ пэтми, зыщысгъэщIыркъым, дапщэщи сфIэщIэщыгъуэщ, вагъуэ хуэдэ кьыщобIэ ар си гущIэлъапсэм.

Дапщэщи щIэщыгъуэ

Куэд щIащ Алим ныбжьэгъу сызэрыхуэхьурэ. Сэ срогушхуэ ди ныбжьэгъугъэм, ар сыхуэсакIыуи сохъумэ. ГъащIэр кьыщыстехьэлъэм деж Алим и усэр гъэнджэщэгъу схуохьу сэ. Абы и псалъэ Iущхэм дамэ кьыстрагъакIэу кьысщохьу.

Гъэугаиэ куэдрэ дызэдытехьащ КIыщокъуэмрэ сэрэ. Гъуэ сыхуэхьуху, согъэщIагъуэ адыгэлI Iущым хэль щIыхугъэмрэ гуапагъэмрэ. Къэзылъуа лъэпкым хуэфащэщ Алим. Адыгэм и пщIэмрэ и щIыхьымрэ лъагэ дэхьащ КIыщокъуэм и гущIэджкIым.

АХМАТОВЭ Раис,
щэшэн усакIуэ. 1989 гъэ

Iуащхьэмахуэ хуэдэ

Зы лъагапIэм и щыгу кьихутакIэ, щIыхум и гур пыIэркъым - ар лъагапIэ-щIэхэм хуэпабгъэ зэпытщ. Апхуэдэу кьыгъэщIащ щIыхур - и пIэм иэгъэнукъым, и гур здэплъэм и лъэр нэсыху. УсакIуэри аращ: щIэмычу хуопабгъэ ар лъагапIэ-щIэхэм, ещIэ гуэргум махуэл щищI зэрымыхъунур...

КIЫЩОКЪУЭ Алим и тхыльэщIэ седжэху, абы семыгупсысын слъэкIыркъым. Алим и кьалэмыпэм кьыщIэкI дэтхэнэ тхыльри льагапIэщIэу кьысщохьу сэ. Алим и зы тхыльи кьыдэкIакъым, семыджауэ. Седжащ, зыщIэмыгъэнщIу, ар зи Iэдакъэ кьыщIэкIам семыфыгъуэу, ауэ сехьуапсэу, нэхъыфIым кьэхьулIэмэ, си гуапэу. Алим и тхылъыщIэ седжамэ, Iуащхьэмахуэ и щыгу сыкъихутауэ кьысфIощI дапщэщи. Iуащхьэмахуэ и щыгу уитмэ, жьыкъэ унопльэс, кьуршыбгъэ ухъуауэ кьыпщохьу. Алим и тхылъэр Iуащхьэмахуэ хуэдэ кьыпщохьу. Алим и Iуащхьэмахуэ дэтхэнэрэ.

КУГУЛЬТИНОВ Давид,
Къалмыкъым и цIыхубз усакIуэ. 1994 гъэ

Уэсят

Алим и яп уэсэ тхыльыр 1941 гъэм дунейм кьытехьащ. Ар кьыздищтэри, зауэм Iухьауэ щытащ усакIуэр. Абы и ужькIэ Алим и кьаугъэмыпэм кьыщIэкIащ усэ тхыльэ Iэджи роман зыбжанэ. Нобэ хэт дежкIи Iупщ1щ КIыщокъуэм и Iэдакъэщэкl тхыгъэхэм зэманыр зэрыпмытъэщар: ар ди лъэпкъым хуэупсащ нэр темыпыIэу зызыужь етIощIанэ лIэщIыгъуэ хьэлъэм и гупсысэ пашэхэмкIэ гъэнщIа, зи художественнэ кьарур кIуэ пэтми къебл, зэманым кьигъуэв упщIэхэм я нэхъ куум жьуан зыщагъуэт тхыгъэ телъыджэхэмкIэ.

АЛИМ И УСЭМРЭ и прозэмрэ адыгэ художественэ гупсысэр фащэщэкIэ зэрауэздар, абы и куупIэм, и уэрыпIэм, и гущIапIэм ензышэс кьару а усэмрэ прозэмрэ зэрабгъэдэпъыр хэт дежкIи Iупщ1щ.

КIыщокъуэм и усыгъэхэм, и роман гъэзэджэхэм ярубзыхуащ зауэ нэужь ильэсхэм гъэгуанэщэ техьа къэбрдей литературэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэмрэ и хабзэхэмрэ. Нобэрей ди литературэм и гъэпсыкIэхэр, абы кьыпэплъэ зыужьыныигъэм и гъэзапIэхэр зыубзыхуар, псом япэрауэ, КIыщокъуэ Алимщ.

КIыщокъуэм и кьаэлэмкIи кьитIащ дэтхэнэ образри кьулейщ, сыт хуэдэ гуГуьхехьми банэурэ пхыкIыф, ар кьарурэ гуащIэкIэ зыуплIэнщIыф щыхущ Алим ди пащхьэ кьрнгъэувэр - абы дыдригъэпIьепи, щапхъэ Iуащхьэ. Алим и усэ пасэхэм кьыщыщIэдзаэ, щIэщыгъуэщ а образыр, дапщэщи пфIэхьэлэмэ щIы абы и гуащIэгурыщIэхэм, и IэхъущIафэхэм, и хъуэспапIэхэр зыубзыхуар, псом япэрауэ, КIыщокъуэ Алимщ.

КIыщокъуэм и кьаэлэмкIи кьитIащ дэтхэнэ образри кьулейщ, сыт хуэдэ гуГуьехьми банэурэ пхыкIыф, ар кьарурэ гуащIэкIэ зыуплIэнщIыф щыхущ Алим ди пащхьэ кьрнгъэувэр - абы дыдригъэпIьепи, щапхъэ Iуащхьэ. Алим и усэ пасэхэм кьыщыщIэдзаэ, щIэщыгъуэщ а образыр, дапщэщи пфIэхьэлэмэ щIы абы и гуащIэгурыщIэхэм, и IэхъущIафэхэм, и хъуэспапIэхэр зыубзыхуар, псом япэрауэ, КIыщокъуэ Алимщ.

Алим и усэм дапщэщи щыщIэщыгъуэщ, щыкIуелейщ. Апхуэдэ щыхущ щыпхуэдэ псалъэр зи гущIэм кьиIуклар:

«Бгыхэр жейркъым» романым папщIэ КIыщокъуэ Алим ятратащ Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр.

Къэралым и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ, и гуащIэдэкI хьэлэлым, лъэпкъыбэ щэнхабзэм хилъхьа гуащIэм, лъэпкъым яку дэлъ ныбжьэгъугъэр гъэбыдэныкIэ хуэзэфIэкIа лъэжьыгъэм ихуэзыгъуэу, абы кьыфIащащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэхэр.

И гуащIэдэкIыр зэриублэ лъандэрэ КIыщокъуэ Алим творчествэр жылагъуэ, къэрал лэжьыгъэр зэдихьащ, сыт хуэдэ IэнатIэри кьехъуалIэу. Дэни абы кьыщинащ лъэужь махуэрэ и цIэр щIащымыгъупщэн IуэхуэщIафэрэ, КъызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм, и хабзэхэм иригъэзэурэ, ар сыт щыгъуи щIэкъуащ Урысейм ис лъэпкъхэм яку дэлъ ныбжьэгъугъэмрэ кьуэшыгъэмрэ гъэбыдэным.

КIыщокъуэ Алим хэтащ Хэку зауэшхуэм. Зауэм щызэриха лIыгъэмрэ литературэм зегъэужьыным хилъхьа гуащIэмрэ папщIэ абы кьратащ Ленин орденыр, Хэку зауэшхуэ, Октябрь Революцэ, Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орденхэр, Вагъуэ ЛIыжьэ орденитI, ГуащIэдэкIым и Бэракъ ЛIыжьэ орденыр, Iуащхьэмахуэ и Бэракъ ЛIыжьэ орденыр.

Нобэ тхэмытыжми, ар игъащIэкIэ тIыгъуныущ и псалъэкIэ, и Iуэхущ IафэхэмкIэ, и гуащIэдэкIымкIэ.

ТхакIуэхэм я союзым зэи щыгъупщэркъым КIыщокъуэ Алим!

Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и секретариат. 2004 гъэ

Лъэужь махуэ

КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъу махуэм Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым и Секретариатыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ гъуэзэджэм и цIыхубэм, и жылагъуэ, къэрал лэжьакIуэхэм иогъуэхуэ апхуэдэкъуэкIэ Урысейм зэрыхуэупсам папщIэ.

СОВЕТ ЛЪЭПКЪЫБЭ литературэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэу щытащ КIыщокъуэ Алим, дэни кьыщицIыху. Апхуэдэу щыт пэтми, ей хъунукъым абы и лэжьыгъэмрэ и гъащIэ гъуэгуанэмрэ нобэрей цIыхум, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, ягу кьэдгъэкIыжмэ.

КIыщокъуэ Алим, псом япэраущ, щэнхабзэм и лэжьакIуэ щэджащэ, КъБР-м и тхакIуэ цIэрыIуэщ, адыгэ литературэм и классикщ. Ар къэбэрдей усыгъэм кьыхьыхьащ абы и гъуэгуанэр щиублэ эзаналъ, яп лъэбакъуэхэр щич лъэхъэнэм. И гуащIэрэ и зэфIэкIкIэ Алим адыгэ литературэр урысей, союзпсо утыкум иришащ. Лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ кьэдгъэтыгурыкIуэ фащэхэмрэ щапхъэхэмрэ и гъуаэзу, абы и къалэмыпэм кьыщIэкIащ Iцыхур зытхьэкъуа, республикэм и литературэм и жьантIэр зыубыда, ди Хэкум и художественнэ хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщ хъуа тхыгъэ хьэлэмэтхэр.

КIыщокъуэ Алим и талантыр ин дыдэщ, гъунапкъэншэщ. Инщ абы драматургием, публицистикэм, литературэм и нэгъэзащI IэнатIэхэмии щиIэ фIыщIэр. Алим и проозэр урысей литературэм кьыхольдыкI. Абы и Iэдакъэм кьыщIэкIащ езыр кьызыхэкIа лъэпкъым, Кавказым я тхыдэм теухуа роман гъуэзэджэхэр.

Алим и яп уэсэ тхыльыр 1941 гъэм дунейм кьытехьащ. Ар кьыздищтэри, зауэм Iухьауэ щытащ усакIуэр. Абы и ужькIэ Алим и кьаугъэмыпэм кьыщIэкIащ усэ тхыльэ Iэджи роман зыбжанэ. Нобэ хэт дежкIи Iупщ1щ КIыщокъуэм и Iэдакъэщэкl тхыгъэхэм зэманыр зэрыпмытъэщар: ар ди лъэпкъым хуэупсащ нэр темыпыIэу зызыужь етIощIанэ лIэщIыгъуэ хьэлъэм и гупсысэ пашэхэмкIэ гъэнщIа, зи художественнэ кьарур кIуэ пэтми къебл, зэманым кьигъуэв упщIэхэм я нэхъ куум жьуан зыщагъуэт тхыгъэ телъыджэхэмкIэ.

АЛИМ И УСЭМРЭ и прозэмрэ адыгэ художественэ гупсысэр фащэщэкIэ зэрауэздар, абы и куупIэм, и уэрыпIэм, и гущIапIэм ензышэс кьару а усэмрэ прозэмрэ зэрабгъэдэпъыр хэт дежкIи Iупщ1щ.

КIыщокъуэм и усыгъэхэм, и роман гъэзэджэхэм ярубзыхуащ зауэ нэужь ильэсхэм гъэгуанэщэ техьа къэбрдей литературэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэмрэ и хабзэхэмрэ. Нобэрей ди литературэм и гъэзапIэхэр зыубзыхуар, псом япэрауэ, КIыщокъуэ Алимщ.

КIыщокъуэм и кьаэлэмкIи кьитIащ дэтхэнэ образри кьулейщ, сыт хуэдэ гуГуьехьми банэурэ пхыкIыф, ар кьарурэ гуащIэкIэ зыуплIэнщIыф щыхущ Алим ди пащхьэ кьрнгъэувэр - абы дыдригъэпIьепи, щапхъэ Iуащхьэ. Алим и усэ пасэхэм кьыщыщIэдзаэ, щIэщыгъуэщ а образыр, дапщэщи пфIэхьэлэмэ щIы абы и гуащIэгурыщIэхэм, и IэхъущIафэхэм, и хъуэспапIэхэр зыубзыхуар, псом япэрауэ, КIыщокъуэ Алимщ.

Апхуэдэущ Алим дунейм зэрыстетар - ищIар фIэмащIэр нэхъыбэм хуэпабгъэу. ИщIамрэ хуэзэфIэкIамрэ езым фIэмащIэми, дэркIэ фIыгъуэ мылъытэщ абы къызэринэкIа дэтхэнэ тхыгъэри. Апхуэдэ тхыгъэщ Алим и романхэр - ди лъэпкъым нужьрей ильэсищым кьикIуа гъэгуанэ хъэлъэм и тхыдэщ аэр.

КIыщокъуэ Алим и зы романи дунейм кьытехьакъым псалъэмакъ ирамыщIэкIауэ. Сыт хуэдиз дэуэгъуеIа псалъэмакъ ирамыщIэкIауэ. «ХъэпсэгъэуэнурымI» - Алим и яп романым! Кьэхъуами кьэхъунуми «щыгъуаззэхэм» ткакIуэр ягъэкъуэншауэ щытащ. Лъэпкъыр зэзыужьтыжа революцэм «хэлIыфIыхьа» гуэрым пщы тритлъхьауэ я къыстэрри. Апхуэдэ псалъэмакъ иращIэкIащ «Мазэ ныкъуэ щхьэантIэми», «Пажым темыплъэкъукI плъырхэр» кьэзыгъэчэпар «Нал кьуГарщ» - щIэх ужьыхакъым а романым иращIэкIа псалъэмакъ мыфэмщIыр, «гупкIэм ис- куэд иращтауэ щытащ абы, еджаери емыджари ирагъэбэнащ. Абы кьыщцIэзтенакъым, псалъэмакъым фIэкIри, «унафэ» тращIыхьащ романым. Апхуэдэ зэманщI, Кьыщокъуэ Алим и романхэр дунейм кьыщытехьар: пцэбакъуэ лей чтыы щымыхьу, щIыхур и жьэм «хуэсакъынь» хуейуэ щрахуIа эзманщ. «Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс» псалъэжьым шэч хуащI щIыхьуа зэмант ар, упсэлъэн и пэ умыгупсысэмэ, «утIысынри» зыхуэIуа щыIэтэкъым...

Алим и дэтхэнэ тхыгъэри гъэнщIащ гупсысэр зыгъэлажьэ, гъащIэмрэ зэманымрэ я куупIэр зи гъащIэ художественэ хъугъуэфIыгъуэ хъуамэ, ар, псом япэрауэ, зи фIыщIэр КIыщокъуэ Алимщ. Шэч хэлъкъым: мэзым зы жьг закъуэ фIэкI щIэмытамэ (ар сыт хуэдизкIэ абрагъуэми), абы мэзкIэ еджэнтэкъым. Алим ящыгъфIыкI зэпытащ ди литературэм кьыщIэтаджэ щIэблэхэм, лъэкI кьигъэнакъым, ахэр нущинк, гъуэгу захуэ тригъэувэн щхьэкIэ. Ди литературэм нобэ щыпажьэ дэтхэнэри кьыщIэтэджащ шу пашэм и щапхъэм.

Щапхъэ хъун мащIэ кьызэринэкIакъым КIыщокъуэ Алим. Кьалэмыр нобэ зыгъабзэ дэтхэнэмэ и кьалэнщ ди литературэм лъабакъуэщIэ иригъэчыныр. Алим щIэблэм кьахунгъэна зэсэтщ ар - шу пашэм и гъуэгум зэрыпащэн гуащIэрэ зэфIэкIрэ зыбгъэдэлъырщ, абы щIэкъурщ КIыщокъуэм и щапхъэм, и фэепIым хуэфащэ щIэблэр. Ди лъэпкъ щэнхабзэм и щIыр зыпкъ зэрыхьынырщ ткакIуэ щэджащэм и ужь кьина псори зыхуэлэжьэн хуейр. Ар зыхуэзфIэкIым щIэблэ кьыщIэхъуэнырщ КIыщокъуэ Алим хуэпсалъэрэ пплъапIэу иIар.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,
литературэ обозреватель.

СССР-м и УнафэщI Хрущёв Никитэрэ КIыщокъуэ Алимрэ Кремлым щызэпсалъэ. *1963 гъэ*

КIыщокъуэ Алим илъэс 80 ирокъу. Абы и пшыхьым хэтщ КъБР-м и яп Революцэм и Къэралыгъуэм и Къэрал Премиер КIуэкIуэ Валерэ. *Пашым къаIэ, 1994 гъэ*

Нобэ илъэс 60 ирокъу КъБР-м и цIыхубэ артист, балетмейстер цIэрыIуэ Думэныщ Iэулэдин

● ДифI догъэлъапIэ

Думэныщ Iэулэдин *(сэмэгумкIэ ещанэщ)* Мексикэм кIыщофэ. *1978 гъэ*

Пшыналъэр игъэбгъунлъэркъым

Языныкъуэ лъэпкъхэр я макъамэкIэ лъэщщ, иэгъуэщIхэр - я къафакIэ, адрейхэр - я уэрдыкъхэмкIэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, къэфакIуэ, гъэсакIуэ цIэрыIуэ Думэныщ Iэулэдин къэзрильытэмкIэ, адыгэхэм я деж а щыри къызэрымыкIуэу щызэпхащ, щызэхуэхунащ - макъамэри, къафри, уэрэри ди утыкум щызэподажэ.

«КАБАРДИНКА» къэфакIуэ гупым и эман нэхъ хьэлъэхэм ирихьэлIэу ар а ансамблым и художественнэ унафэщI хъуауэ щытащ. Думэныщым и гуащIэ хилъхьащ ди лъэпкъ къафэжьхэр эзфIэгъэувэжыным. Абы щхьэкIэ набдзэгубдапльэу Iуэрыдуэгупэ щIиджыкIыжащ, чэнджащэгъуэу иПащ щIэныгъэлIхэу МафIэдэ Сэрбий, Нало Заур, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий сымэ.

Думэныщым КъБКъУ-м филологиемкIэ и къудамэр кIуухащ, Адыгэ Республикэм и «Налмэс» къэралкъафакIуэ гупым зы эманкIэ хэтащ, 1975 - 1999 гъэхэм «Кабардинка»-м щылэжащ, 1991 гъэм кIыщыщIэдзауэ ансамблым и художественнэ унафэщI Iэнатlэм пэрытащ.

Нобэ илъэс 60 ирокъу Думэныщ Iэулэдин. Редакцием щылажьхэр дохьухьу лъэпкъыр зыгъэбжьыфIа, ди къафэхэм лъэпкым и псэр, и гурыщIэр хэзыльхьэжа цIыхум. ЗыщIэхъуэпсыр нэрылъагъу хуэхъуну, узынщагъэ иIэну ди гуапэщ.

Хабзэр игущ, гъуазджэр и псэщ

Зи ныбжьыкIи зэфIэкIкIи пщIэшхуэ зыхуэпщI цIыхуэщ Думэныщ Iэулэдин. Сэ къызэрысщыхьэмкIэ, абы иIэ щIэныгъэр гъэпкъым нэсу къыхуэгъэсэбэлъэкъым. Абы и жьауэм щIэту гъуазджэм хэбжьуа дэтхэнэри иджыри къыздэсым Iэулэдин деж, махуэ къэс жьхуалэм хуэдэу, зыщыдогъаеэ. Езыр цIыху кIыхьэрымыкIуэщ, гъэсакIуэ бэлъхьщ. Макъамэмрэ пшыналъэмрэ я гугъу пщIымэ, абы хуэдэу ар нэсу псэкIэ зыхэзыщIэ, къэзыIуэтэгъ, утыкум къызыхьэф щыIэу си фIэщ хъуркъым.

УБЫХ лъапэрыфэ, уэркъ къафэ, бжьэдыгу ислъэмей, къафэ къуанщэ, адыгэхэм и нэгъуэщI лъэпкъ къафэхэри абыхэм я жьIэкIэхэри утыкум къызыхьэжар Думэныщырщ, «Кабардинка» къэфакIуэ гупым и унафэщIу щыщIыта зэманым. Къежьэм щапхъэ зэрытрахьи хуэдэу, адыгэ гъуазджэм и гущIыIу къэхъужа къэфэкIэхэр адрей ансамблхэми япхъуатэрт. ЖысIэркъым а къэфэкIэхэр нэхъ и пкIэ зыми имышIауэ - аехэр иIэщIэхуэуэ арат. А зэманым Iэулэдин апхуэдизэ къарурэ гукъыдэжкэ кIыбгъэдэкIат. Думэныщыр утыкум икIыжри, диIа фIыгъуэ нэхъ лъапIэхэр дэхуэхьажащ: музыкант, къэфакIуэ нэхъ щIалэхэр емыгупсысыщэу иджырей зэманым нэхъ екIуну я гугъэ гъуазджэ дагъэлъагъу. КъызэрысщыхьэмкIэ, лъэпкъ гъуазджэм уи лэжьыгъэжIэ зеппхьи и пэкIэ, абы и пIыбжькъэ зыщыбгъэгъэхэзи хуейщ, итlанэщ абы зыгуэр къыщыхэпщIыкIынур.

Думэныщ Iэулэдин фIыщIэ щIыхуэсщIым щыщ зыщ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуэдэ къэфэкIхэхэм дыкъыгришу я лъэхъэнэм гуп дахэм, лъэпкым и къежьапIэр щызэпхьэщIэу, дызэрыхэтам папщIэ. Абы лэжьыгъэшхэр иригъэжIэкIащ адыгэм и къэфэкIэр лъэпкым иригъэщIэжьным хущIэкъуу. Iэулэдин игъэув къафэхэм я тхыпхъэ дэтхэнэми мыхьэнэ щIиIыхьэну хуэзфIэкIырт, ансамблыр театр жьипхъэм хэзгъэкIуэнри зригъэхъуIэрт.

Лъэпкъыу зыщыбббжьыкIэ, уэ езым уи къафи, макъами, пшыналъи унIэжьын хуейщ. А гупсысэр Думэныщым и гъэсэнхэм къыгтхилъхьаеу къысщохуэ, Iэджэм дыщIигъэдэIуащ, куэд къыдигъэщIащ. Мы зэманым «ХАТТИ» ди ансамблыр зэрыпажьэми а цIыхум и фIыгъэ хэлъу къызоIуплъэ, сыт щхьэкIэ жьапIэмэ - аращ пэжыгъэм дытезыгъэгушхуар.

Адыгэм и тхыдэм, и гуащIэ дэкIам, ди хабзэм Iэулэдин къыщыпхутепсэлъыхьыкIэ, ар апхуэдизкIэ Iущщ, Iэ ззщи, ди блэкIам ухишэпауэ зыщыбгъэптыхьэ хуэдизщ. Думэныщым теухуауэ куэдрэ упсэльэфынущ, ауэ ар зэ ззхэпхыныр псом нэхъри нэхъ лъапIэщ. Нэхъыжь Iумахуэщ, и къарурэ зэфIэкIрэ мыкIуэщу Тхъэм игъэпсэу.

БАЛЪКЪЭР Къазбэч,
«ХАТТИ» гупым и унафэщI.

Пшыналъэр игъэбгъунлъэркъым

Языныкъуэ лъэпкъхэр я макъамэкIэ лъэщщ, иэгъуэщIхэр - я къафакIэ, адрейхэр - я уэрдыкъхэмкIэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, къэфакIуэ, гъэсакIуэ цIэрыIуэ Думэныщ Iэулэдин къэзрильытэмкIэ, адыгэхэм я деж а щыри къызэрымыкIуэу щызэпхащ, щызэхуэхунащ - макъамэри, къафри, уэрэри ди утыкум щызэподажэ.

«КАБАРДИНКА» къэфакIуэ гупым и эман нэхъ хьэлъэхэм ирихьэлIэу ар а ансамблым и художественнэ унафэщI хъуауэ щытащ. Думэныщым и гуащIэ хилъхьащ ди лъэпкъ къафэжьхэр эзфIэгъэувэжыным. Абы щхьэкIэ набдзэгубдапльэу Iуэрыдуэгупэ щIиджыкIыжащ, чэнджащэгъуэу иПащ щIэныгъэлIхэу МафIэдэ Сэрбий, Нало Заур, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий сымэ.

Думэныщым КъБКъУ-м филологиемкIэ и къудамэр кIуухащ, Адыгэ Республикэм и «Налмэс» къэралкъафакIуэ гупым зы эманкIэ хэтащ, 1975 - 1999 гъэхэм «Кабардинка»-м щылэжащ, 1991 гъэм кIыщыщIэдзауэ ансамблым и художественнэ унафэщI Iэнатlэм пэрытащ.

Нобэ илъэс 60 ирокъу Думэныщ Iэулэдин. Редакцием щылажьхэр дохьухьу лъэпкъыр зыгъэбжьыфIа, ди къафэхэм лъэпкым и псэр, и гурыщIэр хэзыльхьэжа цIыхум. ЗыщIэхъуэпсыр нэрылъагъу хуэхъуну, узынщагъэ иIэну ди гуапэщ.

ГъащIэ гъуэмылэ

Уэун-Яйла (Тырку) щыпIэм щыIэ адыгэ къуажэхэм щыпсэуэхэм Пащты Мадинэрэ (АР-м и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэ) сэрэ дахьыхьатдахэкIати, Думэныщ Iэулэдин и цIэр абы зэрыщалэтыщ, ешэр и щхьэжьэ сымыцIыхуми, пагагъэ къыскилъхьат. Тыркум щыIэ а адыгэ къуажэхэм дэсхэм ял щIэуэ я щIэгуфIэ Iуэхугъуэкар сыт хуэдэ жыпIэу къыбгъэжьа мэ, си фIэщ хъуркъым Iуэлэдин хуэдэу ар къызэнгурыIуэнрэ зыхэзыщIыкIынрэ щыIэу. Ар илъэс бжьыгъэкIэ я щIыпIэм щыпсэуати, Iуэрыдуатэ, гъуэдзжэ, щэнхабэ, бзэ я лъэныкъуэкIэ ныжьрэ фызыжьу зэпсэльам гуни нэзи иIэкъым.

СИ НАСЫП къриухьэкIри, нэхъ иужьыIуэкIэ Iэулэдин нэIуасэ сыкуэхъуащ. Пэжращи, сыту фIыт, ярэби, мыпхуэдэ цIыху сызэрихуэзар жысIэу ар чэнджэщэгъуфI къыскуэхъуащ. Абы и дунейм ехьыхьэн щхьэкIэ, а дунейм къызэрипхьэхун гъащIэ гъуэмылэкIэ, IэмэпсымэкIэ, IэщэфащэкIэ узэщIэуэзэдауэ щытын хуейщ. ЩIэныгъэрщ зи гугъу щIыр. Iэулэдин зыгуэр тIэкIукIэ ущыгъуазэу абы къэбгъэдейэм я мызакъуэу, бжьэдыгъури, шапсыгъри, абэзэхэри, убыхри, мэздгу адыгэхэри. Абыхэм я къафэхэр зэпызэщIищыпэжри, Думэныщым кьафэм и тхыпхэри, къэуджыкIэри зы жьипхъэм, къупхъэм иригъэтIысхьэжащ. Ахэр абы «Кабардинка» ансамблымкIэ утыку кьрихьащ.

Апхуэдизэ ахъыпрэ губзыгъагъэрэ зыхэлъ къафэ гъуэзджэр зэгъэуIуэжауэ утыкум щытпIэгъуами, щIэблэм бгъэдотпхьэхэмкIи хуэдизу а дахагъэр Iэулэдин и бзэкIэ зэкIуэтэжауэ диIащэрэт, жызоIэ.

Цыху пэжщ, захуэщ, ауэ икIи пхъашэщ. Iуэрыдуатэрщ сэ сызэлажьэри, Iуэхум сызэрыбгъэдыхьэныем ехьэлIауэ набдзэгубдзапльагъ зыхьэшIагъэлъхьащ Iэулэдин. «Феджэ закъэзкIэ зыгуэр къызвгурыIуэным фыпIэмыпльэу, Iэ-жьыгъэм фыхэджэгъуф, фыхэуджыкъы, ар фи пкъым имыгъэкIмэ, Iэхэур адэкIэ вгъэкIуэтэфыну фыщIымыгуп», - жIеIэ Думэныщым.

КIыщрэ хьэщIэщрэ. А тIум лъэпкъ гупсысэмрэ псалъэмрэ щызэраГъакIуэу, зэхуэсыпIэ бэлъхьу адыгэм иIащ. Даузэ ди жагъуэ мыхъуми, дызэрыт лъэхъэнэм ахэр хэгъуэщэжащ. Диlэжамэ, кIыщри хьэщIэщри гъэщIэгъуэн дыдзэу зезыгъэкIуэфынт Iэулэдин. Ущымытхъущэ, пхуэубыжынкъым, жаIэ. Апхуэдизэ щытми, Думэныщ Iэулэдин нэхъыбжыIу щыIэр зэхуэсыгъэкIым, сохьэхъуну иджыпсту зэрыщытым мынэхъыкIэу, узынышэу, зэIуэзэпсэту, тIэщIэгуфIэн нэхъыбэ гъащIэм хилъагъуэу иджыри иилъэсыр куэдкIэ ди япэ итыну.

ТАБыЩ Мурат,
щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэ.

«Кабардинка»-р утыку итщ. Думэныщыр сэмэгумкIэ етIуанэщ. *1990 гъэ*

ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ

Думэныщ Iэулэдин теухуауэ жамыIа къэсIуэтэну къыщIэкIынкъым, ауэ «Кабардинка»-м и оркестрым зы зэманкIэ сыкъэтащи, абы и лъэныкъуэкIэ гу зылъытахэм сытепсэлъыхьыну сфIэфIт. Думэныщыр «Кабардинка» къэфакIуэ гупым и художественнэ унафэщIу щыщытам зэкъуиГъэува профессиональнэ оркестрым хуэдэ, Кавказ Ищхьэрэ зэрыщыту къапщтэми, зыми иIакъым. Хьэпащ Iэ Заудин ди макъамэ унафэщIу, Iэулэдин жэщ-махуэ имыIэу кьыддэлажьэу зэманыфI щыIащ. Ансамблым сыщыкъыхьар 1991 гъэрт.

ЗЭМАНЫМ дэбэкъуэн зэрыхуэфм зэпымыууэ Думэныщыр хущIэкъуащ. Абы и лэжьыгъэм, и Iэщ Iагъэм сыт щыгъуи лъабжьэ хуищIу щытар пасэрей ди хабзэжьэрт, щэнхабэрт, гъуэзджэрт. Апхуэдизу Iэулэдин ансамблым «академическэ» цIэ лъапIэр къригъэлэжьыфащ. Ар абы и фIыгъэщ, сыту жыпIэмэ, макъамэ, пшыналъэ я къыкIуэжIэ абы зыхуихьэсыжамрэ, къэфэкIэу ар зыщыпытуэхэмрэ я мыхьэнэм уасэ иIэкъым. А и цIэныгъэри абы дэ къыдихьэлIэрт. Пщэдджыжьым сыхьэти 9-м оркестрым хэтхэр дызэхуэсырт. Зы сыхьэткIэ щхьэхуэу дылажьэрт, итlанэ къэфакIуэхэм дахьихьэрти, сыхьэт зытхухкIэ дадэлажьэрт. КъэфакIуэхэр зэбгрыкIыжа неужьи, музыкантхэр дыкъэнэрти, пщыхьэщхьэр хэкIуэтэху дылажьэрт. «ТкIийт, пхъашэт унафэщIыр?», - жыфIэмэ, дауи, апхуэдэ хьэл, зыIыгъыкIэ гуэрхэм утемыту хъуркъым ансамбль пIыгъыр ауэ цIру-шыруэу щыщымыткIэ. Макъамэр нэхъыфIу дгъэIуи щхьэкIэ, Iэулэдин къафэжьхэмрэ пшыналъэмрэ я гъэпсыкIэр зэпэкъредгъэхырт. Пэжуи, итlанэ а къэдгъэIур нэхъ дахэ хъурт. Оркестрыр апхуэдизу лъэщу Думэныщым зэфIигъэуващ а лъэхъэнэм, сэри грогушхуэ си лэжьыгъэр абы къызэрыщыщIэздзам.

ШыкIэпшынэр япэу утыку кьыщихьам и гугъу мащIэу тщIынщи, кьыхэтгъэщIапхъэщ. Щыуэжь Елмырзи я макъамэ Iэмэпсымэр игъэбгъэрабзэу «Кабардинка»-м и къежьапIэхэм ирихьэлIэу зэрыхэтар. Абы и ужь, сэ зэрысщIэмкIэ, шыкIэпшынэр зы зэман гуэркIэ утыкум щокIат. Думэныщ Iэулэдин шыкIэпшынэр, Iэпэпшынэр, пшынэр, накъырэр, кIэщIу жыпIэмэ лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр зригъэуIужащ. Псоми дощIэ абы мэздгу адыгэхэм, бжьэдыгухэм, шапсыгъхэм, адрей адыгэ Iалкъуэхэм я деж кIуэурэ макъамэ телъыджэхэр зэрызыхуихьэсыжар. А фIыщIэр бгъэкIуэд хъунукъым.

Iэулэдин «Кабардинка» нэужьым Тыркум илъэс куэдкIэ щыIащ, абыи ансамблышхуэ, щIалэм 100-ми щIигъу хэту, щызригъэпэщри, и гуащIэ ебжьакъым. Бзэ, хабзэ, къафэ, пшыналъэ - и гъащIэ псор зытеухуар араущ абы. ПащIэ Бэчмырзэ итхат: «Пшыналъэр бгъунлъэмэ, лъэпкым мэхъIытрэ». Сэ си лэжьыгъэкIэ, Iэщ IагъэкIэ чэнджэщ сылъыхъуэу Думэныщым мызэ-мытIэу сыбгъэдыхьащ икIи сытым щыгъуи а цIыхум и псалъэм купщIэ къыхэхащ. Думэныщым дэж пшыналъэр зэи щыбгъунлъэнукъым.

Iэулэдин къафэжьхэмрэ пшыналъэмрэ я гъэпсыкIэр зэпэкъредгъэхырт. Пэжуи, итlанэ а къэдгъэIур нэхъ дахэ хъурт. Оркестрыр апхуэдизу лъэщу Думэныщым зэфIигъэуващ а лъэхъэнэм, сэри грогушхуэ си лэжьыгъэр абы къызэрыщыщIэздзам.

ШыкIэпшынэр япэу утыку кьыщихьам и гугъу мащIэу тщIынщи, кьыхэтгъэщIапхъэщ. Щыуэжь Елмырзи я макъамэ Iэмэпсымэр игъэбгъэрабзэу «Кабардинка»-м и къежьапIэхэм ирихьэлIэу зэрыхэтар. Абы и ужь, сэ зэрысщIэмкIэ, шыкIэпшынэр зы зэман гуэркIэ утыкум щокIат. Думэныщ Iэулэдин шыкIэпшынэр, Iэпэпшынэр, пшынэр, накъырэр, кIэщIу жыпIэмэ лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр зригъэуIужащ. Псоми дощIэ абы мэздгу адыгэхэм, бжьэдыгухэм, шапсыгъхэм, адрей адыгэ Iалкъуэхэм я деж кIуэурэ макъамэ телъыджэхэр зэрызыхуихьэсыжар. А фIыщIэр бгъэкIуэд хъунукъым.

Iэулэдин «Кабардинка» нэужьым Тыркум илъэс куэдкIэ щыIащ, абыи ансамблышхуэ, щIалэм 100-ми щIигъу хэту, щызригъэпэщри, и гуащIэ ебжьакъым. Бзэ, хабзэ, къафэ, пшыналъэ - и гъащIэ псор зытеухуар араущ абы. ПащIэ Бэчмырзэ итхат: «Пшыналъэр бгъунлъэмэ, лъэпкым мэхъIытрэ». Сэ си лэжьыгъэкIэ, Iэщ IагъэкIэ чэнджэщ сылъыхъуэу Думэныщым мызэ-мытIэу сыбгъэдыхьащ икIи сытым щыгъуи а цIыхум и псалъэм купщIэ къыхэхащ. Думэныщым дэж пшыналъэр зэи щыбгъунлъэнукъым.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Хэкулl

А цIэм хэIэтыкIа нагъыщэ щIыгъуащ, цIыху куэдым хуагъэфащэ, абыкIэ уэзджэ хъуну лъэпкъым къыхэкIыр мащIэ дыдэмэ. Сэ Думэныщ Iэулэдин хэкулIу диIэм ящыщу фIэкIа зэи къэслытакъым, абы и щхьэусыгъуэрри «Кабардинка»-р зыри здынэмыса льагапIэм зэрыдишам и закъуэкъым. 1993 гъэм абы и программэ щIэрыIуэр зэхэгъэувэу утыку къыщIам, Нало Заур къыжриIауэ щытаращ: «ЛъэпкъкIэ кулътурэм и бжьыпэр зыIыгъым хуей театрым и щхьэжкIэ уиIуэващ. Думэныщ и къуэ, къыпхуадэну пIэра?»

ЦIыхум къехьулIа лэжьыгъэ гуэркIэ «хэкулI» псалъэр гъэнщIа хьуркъым. Хэку гупсысэкIэ нIэн хуейщ ар зыхуэжаIэм, гулэгущтагъэрэ гулыпщу и лъэпкым хуиIэм псэхупIэ кьримыту, щхьэхимыту, зэпымыуу узу кьрихьэжI и гур зыхуэгъэза хэкур зыхуэныкъуэ-зыхуэхьуапсэм хуэпсэууэ - аращ абы и дунейр. КIыщокъуэ Алимрэ Къалмыкъ Юрэрэ нэхъ щапхъэфI ухуейкъым. Апхуэдэ щыхьэм и гъащIэдаун, тынщкъым. ИмыщIэну хуэзфIэмыкIым телажьэрэ, езыми гу льымытэжуэр, абы лъэпкым жылэ хьэлэл хухисэу кьыщIокI. Зыгъэ занщIэу кьыхэжIыкIырыкъым, пIалъэр кьэсу, кьуэпс идзыжыхукIи зыми гу кьылъытэркъым. Мы тхыгъэр зытедухуа гъэсакIуэм а и пIалъэр кьэсащ.

Iэулэдин гущхьэгъасэ яхуэхъуу уэркъгъэмрэ адыгэ хабзэмрэ щIигъэкIа щIалэгъуалэр ищIыпсту ди щэнхабзэм и набдзэщ, и пщэдейщ. Сабий дапщэ ягъасэрэ нобэ Битокъу эзщищым, Балькъэр Къазбэч, Бжьыхьэлl Замир, Куэмыщ Анзор, Шорэ Анзор, Щоджэн Мэчэрlий, Мэззшокъуэ Ислъам, Битокъуэ Оксанэрэ Заремэрэ, Еуаз Зубер сымэ?! «Къэфэн къудейр мыхьуу, адыгагъэм зэрыхурагъаджэр тфIэфIу ди сабийхэр яхудошэ а гъэсакIуэхэм», - жызыIэ адэ-анэ куэд дрохьэлIэ. Думэныщыр я чэнджэщгъущ, и щIэ кьыхэмыщIи, нобэ щэнхабзэм щехьулIэ щалэгъуалэм лъэпкъ проектхэр утыку кьыщащIкIэ, ар я гъэгушхуакIуэщ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм.

Думэныщ Iэулэдин дигъэлъэгъуа «Уэркъ къафэм» и гугъу куэдрэ ящI. Арыншэуи дауэ? Ар Къэбэрдеим ди напщIэ телъ ди тхыдэрауэ кьыщIэкIащ, гущIэм нэсэ дахагъэщ, ди пIэр ящэхуэжащ, зридгъэфIащ, лъэпкъыр дыхуэмыфащэуи дыкьыщIидзыжа нэхьейуэ, тIэщIэкIуэсэжащ...

«Думэныщыр хэкум йокIыжк, Тыркум мэлэтхъуэ жаIу щыхэхэсхьи, си гум ешыкьылIауэ, зи гурыщIхъуэм дытеIэба Нало Заур и деж сыкIуауэ щытащ, и гупсысэр зэхэсхьну. Дадэр и пащIэкIэ щIэгубыкIри, «Умыгъавэ, - жиIащ, - Думэныщыр Тыркум кIуэжащ. Цымыор Iэпхъуэжащ, Бештокъуэр хэкум исыжкъым жаIэу зэхэпхьэ». Ахэр хэкум пэрIыIу зэрыпсэуфынт щыIэкым, дэнэ кIуэми, кьаГъэзэжынуц». Абыи дытеIэбащ. КьыпыщIэжращ: «Хэкулlхэщи аращ, Аллахьым куэдрэ тхуигъэпсэу гущхьэгъасэ тхуэхьуу».

АБРОКЪУЭ Бэллэ,
усакIуэ, журналист.

●Щымахуэ теплъэгъуэ

Налшык паркым. *2014 гъэ, щышылэм и 28 Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» зыгъэсэныгъэм щIедзэ

КьыхукьуэкIа финанс зэкIэлъымыкIуэм кърикIуа бэлъхьхэм я зэранкIэ, зы мазэкIэ нэхъ гувауэ, «Спартак-Налшыкым» зыгъэсэныгъэхэм Налшык щыщIидзащ.

ДИ КОМАНДЭМ кьыхэнэжа цIыху тIощIым нэблагъэр блыщхьэ кIуам зэхуэшъхьжащ. Абыхэм яхэтакъым нэгъэуIущI щIыпIэхэм лэжьыгъэ Iэнатlэ кьыщызыгъуэтахэу Гузэщокъуэ Арсен (Екатеринбург и «Урал»-м хьыкащ), Аверьянов Алексей (Владивосток и «Луч-Энергия»), Рогочий Антон (Новосибирск и «Сибирь»), Засеев Ислъэн (Нижнекамск и «Нефтехимик»), Тимошин Никитэрэ Гарбуз Константинрэ (Воронеж и «Факел»). КьыщызэмыщIауэ, Коронов Игорь Къэзан и «Рубин»-м кьыщыкIэлъопльэ, Гъубж Марат Оренбург и «Газовик»-м хьыхьэну хущIокъу. Овсиенкэ Евгенийрэ зэкIэ егъэзылпIэнщэу. Зэрыныгъэрыльагъущи, иджыблагъэ «Спартак-Налшыкым» и щIыхьыр зыхьыдмахэм яящIущ кьынэжар мащIэ дыдэщ.

Тренер нэхъыщхьэ Биджий Хьэсэнбийрэ абы и дэлэпыкъуэгъуэхэмрэ иджы тегъэщIапIэ ящынур, дауи, нэгъуэщIхэрщ. Ахэр хэтми, зэхьэзэхуэм щIидзэжьыным кьэнэжа мазэрэ ныкъуэм зэхэкIын хуейщ.

Мазаем и 3-м ди футболистхэр Тыркум кIуэнущ. Абы зыщагъэсэну, зэныбжьэгъуфэ зэIущIэхэр щагъэжIэкIыну я мурадщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

●Волейбол

Къаздэхъу Хьэсэн ягу къагъэкIыж

Бахьсэн районым и спорт комитетымрэ егъэджэныгъэмкIэ и управленэмрэ я жэрдэмкIэ, спортымкIэ мастерым и кандидат, КъБР-м волейболымкIэ и командэ къыхэхам щыджэгуа Къаздэхъу Хьэсэн и дэфеплъ зэхьэзэхуэ Ислъэмей къуажэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ республикэм и районхэм я командэ IэщI.

10 - 11-нэ классхэм щеджа школакIуэхэм волейболымкIэ я зэхьэзэхуэм щытекIуащ Ислъэмей дэт курыт еджапIэ №4-м и командэр, Куба къуажэм и школ №1-м и гупым етIуанэ увыпIэр лъысащ, Бахьсэн къалэ дэт курыт еджапIэ №2-м и командэр ещанэщ.

- Спортыр зыкъыщыгъэщ, дэрэжэгуфэ къозытщ. А псори Iэмал имыIэу дэтхэнэ школакIуэми бгъэдэлъын хуейщ, - жиIащ комитетым и унафэщI Гъузий Мухьэмэд.

АБАЗЭ Лерэ.
Бахьсэн район

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Къэралым къыщыдалъхьуэрт

КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ кьэлъыхьэзыныгъэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм Iуэхугъуэхэр щрагъэжIуэкIым Мэзкуу къалэ и щIыналъэм щилэжьа щIэпхъаджагъэм къыхэкIыу къэралым къыщалъыхьуэ 1974 гъэм къалъхуа налшыкдэсым и къэнэжар зыбзыхуар.

КъБР-м щыIэ МВД-м и ХьыбарегъащIэ центрым и лэжьакIуэхэр Урысей ФМС-м КъБР-мкIэ и Iуэхущ Iапл Iэм хэмэ къэрал паспорт кьыIихуну зыхуэзыгъэзэ 1978 гъэм къалъхуа Шэшэн Республикэм хьыхь Самашкэ къуажэм щыщым теуха дэфтэрым щелжьым яубзыхуащ, а ныкъуэр илэжьа щIэпхъаджагъэхэм кьыхэкIыу, 2010 гъэм и мазае лъандэрэ къэралым къызэрыщалъхьуэрт.

ГIуми теуха къэнщIэныгъэхэр ирагъэжIуэкI. Къэлыхъуэныгъэм и жэрдэмкIэ Уэрысей МВД-м Мэзкуу къалэмкIэ и управленэмрэ Шэшэн Республикэм щыIэ МВД-мрэ хьыбарыр Iэрагъэхьащ.

Сыт тхьэмадэм къигуэтар?

1937 гъэм къалъхуа налшыкдэсым фочышэ 69-рэ, Iэщэм и гъущI пкыгъуэу 10 зэрылъ полимер пакет полицэм иритащ.

Зи ныбжь хэIуэта цIыхухъуэ зэрыжиIамкIэ, Iэщэ Iэмэпсымэхэр абы къыщигъэтащ Налшык къалэ Тэрчокъуэм и уэрамым тет псэупIэ унэм деж.

Къагъэтар КъБР-м щыIэ МВД-м и эксперт-криминалист Iэнатlэм ягъэхащ. Къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкI.

Къэрал кIуэцI Iуэхугъэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖъэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь ысыкъ секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIыпыдж Замирэ, Хьжыкъарэ Алик, ЩхьэщымыщI Иэз.**



Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэуэ Iуэхущlапlэхэм ядлежьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-щIэныгъэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцием я Iуэху еильыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзаxэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъуэм и 14-м Печатым и хутыныгъэр хъумэныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ и щэхIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудзэ Дыщокl Соня, редакторыр Къардэн Маритэ, корректорхэр Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.),* ПхыпIыкIэ Азэмат *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ траддзэ хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 4.766 ●Заказ №137